ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№191-192 (23.350) ● 2016 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 1, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр тумэнитIщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



Медведев Дмитрий

## Сочэ къалэм щекIуэкI инвестицэ зэхуэсышхуэм и зэIущIэ зэIухам щытепсэлъыхьащ урысей экономикэм илъэситху гъунэгъум зэрызиужьыну щIыкIэм. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ хэтащ «Сочэ-2016» дунейпсо инвестицэ форумым и зэIущIэ зэIухам.**

«УРЫСЕЙМ и социально-экономикэ зыужьыныгъэр: игъуэтыну зэхъуэкIыныгъэщIэхэр» докладыр а зэIущIэм щищIащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщI Медведев Дмитрий. Премьер-министрым абы Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэу къыщыхигъэбелджылыкIащ:

«Илъэс гъунэгъухэм ди къэралым къыпэщытщ и экономикэ IэнатIэр къанэ щымыIэу къигъэщIэрэщIэжыну, дуней псом и социальнэ, экономикэ IэнатIэхэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм хуэкIуэу»;

«Мыхьэнэшхуэ яIэ хуэдэу къыпщыхъу, ауэ купщIэшхуэ зыхэмылъ жэрдэмхэр гъэзэщIэным дакъыпыкIри, дэ яужь дихьащ дызыпэмыплъа къэхъукъащIэхэм япэщIэтыным, экономикэ IэнатIэм зэхъуэкIыныгъэхэр щегъэкIуэкIыным хуэгъэза щытыкIэхэр къызэгъэпэщыным. Абы кърикIуахэр дызэрыщыгугъам нэхъри нэхъыфIыжщ. Дэ дыкъызэтенащ, кризисым дызэрыпэщIэтын Iэмалхэр, щытыкIэр ди нэIэм щIэкIыныр къэзымыгъэхъуахэр, зэдгъэпэщын тхузэфIэкIати»;

«Бюджетыр, хэщIыныгъэншэ мыхъуми, къэрал щIыб экономикэм къигъэув гугъуехьхэм полъэщ. Бюджетым и хэхъуэхэм я къыхэкIыпIэхэм захъуэж. ЩIыдагъэмрэ газымрэ япымыщIа хэхъуэм и Iыхьэр процент 60-м нэблагъэ хъуащ. Ар нэгъуэщI экономикэ ухуэкIэщ»;

«Фейдэ къэзыт бюджет политикэ зэтеухуар экономикэм иджыпсту щыщыIэ щытыкIэщIэхэм уазэрыпэлъэщыну Iэмалщ»;

«Сырье и лъэныкъуэкIэ щыIа Iэмалыфlхэм къагъэзэжыным ущыгугъыным мыхьэнэ иIэкъым. Апхуэдэ лэжьыгъэ зэтеублэкIэм ди къэралыр къыкIэрыхуныгъэм ирихулIэнут, цIыхухэм я псэукIэр иригъэкIэкIуэнут, экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ бжьыпэр щытIыгъыным хуэгъэзауэ щыIэ Iэмалхэр тхузэхуищIынут. Апхуэдэуи ущыгугъ хъунукъым экономикэ зыужьыныгъэм дызыщыIууэ гугъуехьхэр абыхэм къэрал мылъку яхухэхын къудейкIэ зэфIэкIынми»;

«Къэралым гулъытэ нэхъыбэ зыхуищIыр шынагъуэншагъэрщ, цIыхум зиузэщIыным мылъку хэлъхьэнырщ, зэманым и хьэлъэр нэхъ зытещIэ хуэмыщIахэм ядэIэпыкъунырщ, инфраструктурэрщ. Абыхэм ятещIыхьауэ щытын хуейщ Урысейм и бюджетри».

КъБР-м и Iэтащхьэр а махуэ дыдэм яIущIащ щIыналъэ зыбжанэм я унафэщIхэм, апхуэдэуи Италие Республикэм ЩIыхь зиIэ и консул нэхъыщхьэу Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэхэм щыIэ Лодиджиани Пьерпаоло.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## Къэбэрдей-Балъкъэрым зиужьын папщIэ

● Дыгъуасэ

**Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министр Кузнецов Леврэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ дыгъуасэ «Сочи-2016» къэрал зэхуаку инвестицэ форумым щызэпсэлъащ республикэм и промышленнэ лъэщагъым дяпэкIи хэгъэхъуэнымкIэ щыIэ Iэмалхэм ятеухуауэ.**

ГУЛЪЫТЭ щхьэхуэ хуащIащ къэралым зихъумэжынымкIэ иIэ зэфIэкIым хэгъэхъуэн папщIэ стратегие мыхьэнэ зиIэ Тырныауз вольфрам-молибден къыщIэхыпIэр и лъабжьэу промышленнэ комплекс къызэгъэпэщыным теухуа проектыр гъэзэщIэным. Ар хагъэхьащ инвестицэ программэ пажэхэм. Мы зэманым абы елэжьыну зэрыхуейр къегъэлъагъуэ «Ростех» къэрал концерным.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● КъБР-м и Правительствэм

## Зрагъэхъулlэну зыпэплъэхэр зэпкърах, унафэкIэ къащтэ



**КъБР-м и Премьер-министр Мусуков Алий Правительствэм и зи чэзу зэIущIэр фокIадэм и 29-м иригъэкIуэкIащ. Абы Iуэхугъуэ 21-м щыхэплъащ.**

ЗЭХЫХЬЭМ япэу щызэпкърахащ «2017 гъэм, апхуэдэу 2018 - 2019 гъэхэм социальнэ, экономикэ я лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм игъуэтыну зыщыгугъ зыужьыныгъэм и IуэхукIэ» пIалъэ курытым тещIыхьауэ Правительствэм игъэхьэзыра унафэм и проектыр. Ар Iыхьитlу зэщхьэщыхащ. Япэр - инвестицэхэр жыджэру зэщIэгъэуIуэнырщ, проект инхэр гъэзэщIэнырщ, адрейр - зэгъэхъулIа хъуахэр я лъабжьэу, нэхъапэкIэ яубзыхуахэр зэфIэхынырщ.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Рахаев Борис къызэригъэлъэгъуамкIэ, 2019 гъэм ирихьэлIэу ВРП-м процент 12,6-кIэ хэхъуэну икIи сом меларди 187,5-м нэсыну къалъытэ. Ар IэнатIэ нэхъыщхьэхэм я хьэкъкIэ зрагъэхъулIэну я мурадщ. Промышленностым къыщIигъэкIым и индексым процентi 126-кIэ, мэкъумэшхэкIыу къалэжьым проценти 110,9-кIэ, ухуэныгъэу ирагъэкIуэкIым проценти 122,7-кIэ, розницэ сатум проценти 111,4-кIэ, пщIэкIэ хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм проценти 109-кIэ, республикэм улахуэмкIэ и фондым процент 29,5-кIэ, социальнэ ахъшэм процент 20,2-кIэ хэхъуэну щогугъ.

Апхуэдэу министрым зэIущIэм щызэпкърихащ 2034 гъэ пщIондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым игъуэтыну зыхуэплъэ социально-экономикэ зыужьыныгъэм и IуэхукIэ пIалъэ кIыхьым тещIыхьауэ ягъэхьэзыра проектыр. А пIалъэм къриубыдэу республикэм продукцэу къыщалэжьым хуэди 2,3-кIэ хэхъуэну, сом мелард 574,2-м нэсыну къалъытэ. Инвестицэр экономикэм, псэукIэр къызэзыгъэпэщ, социальнэ IэнатIэхэм халъхьэнущ. Абыхэм мылъкуу хузэщIагъэуIуэну я мурадхэри ягъэбелджылащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

2016 гъэм и бжьыхьэм цIыхухэр дзэ къулыкъум гъэкIуэныр къызэгъэпэщынымкIэ лэжьыпхъэхэм я IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Дзэ къулыкъур ехьэкIынымкIэ къалэнымрэ дзэ къулыкъумрэ я IуэхукIэ» Федеральнэ законым ипкъ иткIэ икIи 1989 - 1998 гъэхэм къалъхуахэу зи ныбжьыр илъэс 27-рэ иримыкъуахэр, запасым щымыIэхэр 2016 гъэм и бжьыхьэм дзэ къулыкъум гъэкIуэныр къызэгъэпэщын мурадкIэ **унафэ сощI**:

1. Къэщтэн мы Указым щIыгъуэхэу:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэр дзэм зыгъакIуэ и комиссэм хэтхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ цIыхухэр дзэм зыгъакIуэ я комиссэхэм хэтхэр;

дзэм къулыкъу щащIэн папщIэ 2016 гъэм и бжьыхьэм ираджэн хуей цIыхухэм я узыншагъэр къыщапщытэ, абыхэм ящыщу сымаджэхэр щагъэхъуж медицинэ IуэхущIапIэхэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ самоуправленэм и органхэм чэнджэщ етын, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэм ящIыгъуу, 2016 гъэм и бжьыхьэм цIыхухэр дзэ къулыкъум гъэкIуэныр ягъэува пIалъэхэм къриубыдэу къызэрагъэпэщыну.

3. Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм чэнджэщ етын дзэм кIуэну цIыхухэр щызэхуашэс, командэхэр щрагъажьэ махуэхэм дзэ къулыкъум ягъэкIуэнухэр щызэхуашэс щIыпIэхэм, республикэм и гъущI гъуэгу станцхэм, автовокзалхэм жылагъуэ хабзэр щихъумэну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым хуэгъэувын цIыхухэр дзэ къулыкъум зэрагъакIуэ щIыкIэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къыщагъэлъэгъуэныр къызэригъэпэщыну.

5. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм фокIадэм и 27-м*
*№110-УГ*

Дзасэжь Хъ. М. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын **Дзасэжь Хъалиф Мухьэмэд и къуэм** - Дзэлыкъуэ муниципальнэ щIыналъэм и Дзэлыкъуэдэс къуажэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм фокIадэм и 27-м*
*№111-УГ*

Марьяш Иринэ Евгений и пхъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и унафэщI къулыкъур и пIалъэр къэмысу щхьэщыхыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 38-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и 6-нэ пунктым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Марьяш Иринэ Евгений и пхъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и унафэщIым и къулыкъур и пIалъэр къэмысу щхьэщыхын, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутату зэрыхахам къыхэкIыу.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм фокIадэм и 29-м*
*№535-П-П*

«Пенсэхэм хущIагъуну социальнэ ахъшэр зыхуэдизыр яубзыхун мурадкIэ, 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм пенсионерыр щыпсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм и инагъыр ягъэувыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Пенсэхэм хущIагъуну социальнэ ахъшэр зыхуэдизыр яубзыхун мурадкIэ, 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм пенсионерыр щыпсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм и инагъыр ягъэувыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Законыр къэщтэн.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ тридзэн икIи хэIущIыIу ищIын папщIэ.

3. Мы унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм фокIадэм и 29-м*
*№542-П-П*

«Пенсэхэм хущIагъуну социальнэ ахъшэр зыхуэдизыр яубзыхун мурадкIэ, 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм пенсионерыр щыпсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм и инагъыр ягъэувыным теухуауэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къиштащ 2016 гъэм фокIадэм и 29-м**

**1-нэ статья.** 2017 гъэм пенсионерыр псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеину ахъшэр зыхуэдизыр

«Урысей Федерацэм цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ахъшэр зыхуэдизым и IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 4-нэ статьям и 4-нэ пунктым ипкъ иткIэ «Къэрал социальнэ дэIэпыкъуныгъэм и IуэхукIэ» Федеральнэ законым къыщыгъэлъэгъуауэ пенсэхэм хущIагъуну социальнэ ахъшэр зыхуэдизыр яубзыхун мурадкIэ, 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм пенсионерыр щыпсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеинум и инагъыр сом 8500-рэ хъууэ ягъэув.

**2-нэ статья.** Мы Законым къару щигъуэтыр

Мы Законым къару егъуэт 2017 гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм фокIадэм и 30-м*
*№45-РЗ*

## КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэ: медицинэ колледжым щеджэхэм ущIэгузэвэн лъэпкъ къащыщIакъым

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Асанов Алим КъБКъУ-м и медицинэ колледжым и студент зыбжанэ сымаджэщым зэрыщIэхуам теухуауэ жиIар: «Налшык къалэ и клиникэ сымаджэщ №1-м щIагъэгъуэлъхьащ студент 12, абыхэм узытешыныхьын лажьэ яIэкъым, я узыншагъэр IэщIагъэлIхэм къапщытащ. Абыхэм я узыншагъэм ущIытегузэвыхьын щыIэкъым. Езыхэр зэрыгъэгужьеяуэ аращи, сыхьэт зыбжанэкIэ якIэлъыплъынурэ я унэхэм ягъэкIуэжынущ». *(КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и сайтым зэритымкIэ).*

НэхъапэIуэкIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм зэбграгъэхащ КъБКъУ-м и медицинэ колледжым щIэс студентхэм газым и зэран екIауэ. ЕджапIэм нэсащ къегъэлакIуэхэмрэ дохутырхэмрэ, студент зыбжанэ «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэкIэ» яшащ сымаджэщ нэхъ гъунэгъу дыдэм. Абы дохутырхэр щакIэлъыплъри, щытыкIэм теухуауэ жаIащ: къаIэрыхьа студентхэм ящыщу зыми лажьэ яIэкъым, псори узыншэ дыдэщ. МЧС-м къызэритамкIи, колледж кIуэцIым газ шынагъуэ лъэпкъ къыщагъуэтакъым.

Иджы къэхъуам и пэжыпIэр зэхагъэкI.

*КъБКъУ-м и пресс-IуэхущIапIэ.*

● КъБР-м и Парламентым

## Бжьыхьэ сессиер къызэIуахащ



**ФокIадэм и 29-м КъБР-м и Парламентым щекIуэкIащ 2016 гъэм и бжьыхьэ сессием и япэ зэIущIэр.**

АР КЪЫЩЫЗЭIУИХЫМ, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат хъуа Геккиев Заур, Марьяш Иринэ, Щхьэгуэш Адэлбий, Быф Анатолэ сымэ ехъуэхъуащ. Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм хэхыныгъэхэм къыщигъэлъэгъуа ехъулIэныгъэхэр я гуапэ зэрыхъуар.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэт Ульбашев Мухьэрбий Егоровэ Татьянэ иритыжащ къэралым и парламентаризмэм зэрызригъэужьым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхэр зэрыригъэфIакIуэм папщIэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым къыхуигъэфэща ЩIыхь тхылъыр.

ЗэIущIэм зэдэарэзыуэ депутатхэм щыхахащ къэрал къулыкъу зыбжанэм ягъэувыну къагъэлъэгъуахэр. Апхуэдэу Лэскэн щIыналъэ судым и суд IуэхущIапIэ №1-м и зэзыгъэкIуж хеящIэ хъуащ Ульбашев Аскэр, КъБР-м и хеящIэхэм я коллегием жылагъуэм къабгъэдэкIыу хэтыну «Къэбэрдей-Балъкъэр» КъТРК»-м и юрист-чэнджэщэгъу Ахъмэт Алим хахащ.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутату зэрыхахам къыхэкIыу, Марьяш Иринэ КъБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и унафэщI къулыкъур щхьэщахащ. «Республикэм щыпсэухэм фIыщIэ яхузощI я зэман щымысхьу, я къэкIуэнур къафIэIуэхуу хэхыныгъэхэм зэрыхэтам щхьэкIэ. Дэ къыдгуроIуэ дяпэкIэ лэжьыгъэ нэхъ гугъуж къызэрытпэщытыр. Псом япэу дызэгупсысын хуейр къэралым щыпсэухэм я гъащIэр нэхъ тынш зэрахуэтщIыпхъэрщ. Сэ къалэн нэхъыщхьэу зыхузогъэувыж ди щIыналъэр езыгъэфIэкIуэну цIыхухэр зэгъэуIуауэ дызэдэлэжьэныр», - жиIащ Марьяш Иринэ.

ЗэIущIэм КъБР-м и Парламентым и комитет зыбжанэм зэхъуэкIыныгъэхэр къыщыхъуащ. Хабзэр зегъэкIуэнымрэ абы тетынымкIэ комитетым и унафэщIу Кривко Михаил, абы и къуэдзэу Тхьэгъэлэдж Тимур ягъэуващ. БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ комитетым и унафэщIу Мэремыкъуэ Сэфарбий хахащ. ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэныгъэмрэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Шондыр Олег езым и фIэфIыныгъэкIэ и къулыкъум къыпэрыкIащ.

КъБР-м финансхэмкIэ и министр Лыхь Заур зэIущIэм щытепсэлъыхьащ 2016 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм республикэ бюджетыр зэрагъэзэщIам. Абы къыхигъэщащ бюджетым и хэхъуэр сом мелард 13-рэ мелуан 55,3-м хуэзэу къызэрагъэсэбэпар. Ар блэкIа илъэсым апхуэдэ и пIалъэм ебгъапщэмэ, проценти 113,6-рэ хъуащ. Налог ахъшэхэм я хэхъуэр процент 42,9-м нэсащ, нэгъуэщI хэхъуэхэр - проценти 2,5-м, зымыгъэзэж хэхъуэхэр - процент 54,6-м.

Зытепсэлъыхь пIалъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къигъэсэбэпащ сом мелард 14-рэ мелуан 748,4-рэ. Социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэм республикэ бюджетым щыщу хуаутIыпщар сом меларди 10-рэ мелуан 272,9-рэ мэхъу.

Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ бюджетым и хэхъуэми щIыналъэм телъ щIыхуэми зэхуэдэу узэрыхагъаплъэр. «Пэжщ, дызэрыт зэманым гугъуехь мымащIэхэм дыIуоуэ. 2016 гъэм къэна и мазищым ди къару псори а Iуэхум етхьэлIэу диIэ ресурсхэр абы и лъэныкъуэкIэ къэдгъэсэбэпын хуейщ. Иджыблагъэ абы теухуауэ УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэм и унафэщIхэм даIуэщIащ. Гугъуехьхэм дакъызэрыхэкIынумрэ ди къалэн нэхъыщхьэхэмрэ теухуауэ дызэпсэлъащ. Дыщогугъ бюджет ахъшэр щIэрыщIэу щытрагуашэкIэ, щхьэхуэу ди Iуэхум хэплъэну. Ауэ гурыIуэгъуэщ федеральнэ бюджетми иджыпсту иIэ гугъуехьхэм тепщIыхьмэ, ахъшэшхуэкIэ дыгугъэ зэрымыхъунур. БюджетымкIэ законодательствэр зэрытхуэгъэзэщIэнумрэ къэрал щIыхуэм и Iуэхур зэрызэхэдгъэкIынумрэ илъэсым и кIэм къигъэлъэгъуэнущ, абыхэм ятеухуа Iуэхугъуэ зыбжанэ дубзыхуауэ щытщ», - жиIащ Лыхь Заур.

КъБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI Къэжэр Хъусен къыхигъэщащ цIыхухэр нэхъ зыхуэныкъуэу къащэхухэм я уасэм зэрыхэхъуам къыхэкIыу улахуэр проценти 5,7-кIэ нэхъ мащIэ хъуауэ къэплъытэ зэрыхъунур. Министрым абы теухуауэ жиIащ республикэ бюджетыр мы зэманым зэрыхущыщIэмрэ экономикэм и щытыкIэмрэ къэплъытэмэ, Къэжэрыр зытепсэлъыхьым зэкIэ зыри зэрахуемыщIэнур, абы щыгъуэми цIыхухэм я улахуэр мы илъэсым здынэсам нэхърэ нэхъ мащIэ хъунукъым 2017 гъэм.

ЗэIущIэм Правительствэм хухих сыхьэтым щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ветеринарие IэнатIэр зэрылажьэ щIыкIэмрэ абы зэрызегъэужьыпхъэ Iэмалхэмрэ.

- Узыфэ зэрыцIалэхэр Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм къимыхьэн щхьэкIэ, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм ятещIыхьа планым тету, Къэбэрдей-Балъкъэрым федеральнэ мылъкум къыхэкI вакцинэ зэхуэмыдэхэр къыIэрохьэ. Иджырей мардэхэм тету къыдагъэкI апхуэдэ хущхъуэхэр сэбэп мэхъу республикэм и щIыпIэхэм сэрмэлыч (сыбыр язвэ), Iуей (ящур) жыхуаIэ узыфэхэр къимыхьэным, - жиIащ КъБР-м ветеринариемкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ Акбулатов Зариф.

Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, сэрмэлычым ихьа Iэщхэр щыщIатIэ щIыпIэу республикэм щыIэ 62-рэ 2016 гъэм къриубыдэу къапщытащ, абыхэм ящыщу 47-р щыIэ мардэхэм емызэгъыу къыщIагъэщащ. 2016 гъэр къызэрихьэрэ КъБР-м ветеринариемкIэ и IэнатIэм Iэщ мини 191-м щIигъум мастэ яхилъхьащ. Апхуэдэуи ар жыджэру ядолажьэ республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм. IэщIагъэлIхэр радиомрэ телевиденэмкIэ Iуэху зэхуэмыдэхэм теухуауэ къыщопсалъэ (мы гъэм апхуэдэ нэтыну 24-рэ екIуэкIащ), республикэ, район газетхэм тхыгъэ 44-рэ ирагъэхьащ. Депутатхэм къыхагъэщащ ветеринарие IэнатIэм и лэжьакIуэхэр зэрысакъын хуейр, сыт хуэдэ Iуэхуми хуэхьэзыру зэрыщытыпхъэр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Зрагъэхъулlэну зыпэплъэхэр зэпкърах, унафэкlэ къащтэ

*(Кlэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

- А зэманым ирихьэлlэу улахуэмкlэ фондым, иджыпсту елъытауэ, хуэди 4,3-кlэ е сом меларди 143,3-кlэ, ику ит улахуэр, уасэхэр зыхуэдэм тещlыхьауэ, хуэди 2-кlэ хэхъуэн хуейщ,- къигъэлъэгъуащ Рахаев Борис.

Мусуков Алий къыхигъэщащ зыхуэплъэхэм теухуауэ пасэу ягъэхьэзыр lуэхугъуэхэр процент зытхухкlэ нэхъ зэщхьэщымыкlыу зыхужаlа пlалъэм къазэрехъулlэр илъэс зэкlэлъыкlуэхэм зэрагъэнэlуар.

«2016 гъэм, апхуэдэу 2017 - 2018 гъэхэм ятещlыхьа КъБР-м и республикэ бюджетым и lуэхукlэ» Законым зэхъуэкlыныгъэхэр халъхьащ. Финансхэмкlэ министр Лыхь Заур зэрыжиlамкlэ, федеральнэ субсидие щхьэхуэхэм я хьэкъкlэ, мыгъэрей бюджетым хэхъуэмрэ хэщlхэмкlэ я lыхьэхэм хущlагъуащ, бюджет зэхуаку трансфертхэр зэрытрагуашэну щlыкlэр ягъэбелджылащ. Абы къызэригъэлъэгъуамкlэ, щхьэхуэу къыхуаутlыпщ ахъшэр мурад хэхахэм тещlыхьащи, нэгъуэщl lуэхукlэ къагъэсэбэпу ядэркъым, псалъэм папщlэ, «Къуажэ дохутыр» программэм халъхьэну хуиткъым.

Правительствэм и Унафэкlэ, Налшык къалэм и Лесной еджапlэ №2-м и унэр, и щlы lыхьэр, муниципальнэ lуэхущlапlэхэм папщlэ, республикэм Спортымкlэ и министерствэм къалэнхэр псынщlэу щызэфlах и къудамэм къыlаха, сом мелуани 4-рэ мин 318-рэ и уасэ спорт хьэпшыпхэр, апхуэдэу Бахъсэн Ипщэ, Былым къуажэхэм я амбулаторэхэм я пэшхэр КъБР-м и къэрал мылъкум къыхагъэкlри, муниципальнэ мылъкум пщlэншэу хагъэхьащ.

Лэжьыгъэмкlэ, цlыхухэр lэнатlэкlэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэlэпыкъуныгъэмкlэ министр Тюбеев Альберт къыхилъхьэри, бынитху е нэхъыбэ щапl унагъуэхэм я псэупlэхэр ирагъэфlэкlуэн папщlэ, зэ етыгъуэу мылъку зэрыхухах щlыкlэр къащтащ. Илъэс къэс а lуэхум сом мелуан 30 хузэщlагъэуlуэ. 2009 гъэ лъандэрэ сертификат 1486-рэ ятащ, унагъуэ 400-м нэблагъэм ар къагъэсэбэпащ. Апхуэдэ унагъуэшхуэу минищым щlигъу Къэбэрдей-Балъкъэрым щопсэу.

Адыгэш лъэпкъыфl лъхуэн-пlэнхэр зыгъэбагъуэ хозяйствэхэми республикэ бюджетым и хьэкъкlэ зыщlагъэкъуэнущ. КъБР-м и япэ вице-премьер - мэкъумэш хозяйствэмкlэ министр Говоров Сергей зэрыжиlамкlэ, шы зехьэным хуэзэм и процент 20-м нэблагъэр хуатыжынущ. А lуэхур къызэрызэрагъэпэщыну щlыкlэр зэlущlэм щагъэбелджылащ.

2014 - 2020 гъэхэм ятещlыхьа «Экономикэ зыужьыныгъэ, инновацэ экономикэ» къэрал программэм, «2013 - 2020 гъэхэм КъБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зэрызыщиужьынур» къэрал программэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Архив lуэхущlапlэм и lуэхукlэ» 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м Правительствэм къищта Унафэ №370-ПП-м, нэгъуэщlхэми зэхъуэкlыныгъэхэр халъхьащ.

Зэlущlэм хэтащ КъБР-м и lэтащхьэм и Администрацэм и Тхьэмадэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, къалэ округхэмрэ муниципальнэ щlыналъэхэмрэ я щlыпlэ администрацэхэм, къэрал комитетхэм я унафэщlхэр, ирагъэблэгъа къулыкъущlэхэр.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.**

● ЩIэ

# ЩIэблэм щIыналъэр яцIыхун папщIэ

<u>**КъБР-м Граждан жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ lуэхухэмкlэ и управленэм иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ Урысейм и щlыналъэ псоми иджы япэу щрагъэкlуэкlыну «Этнографие диктант» акцэм.**</u>

ЗРАГЪЭГЪУЭТА щlэныгъэм е яlыгъ диным емылъытауэ, абы дэтхэнэри хэтыну хуитщ, ауэ уи ныбжьыр илъэс 15 хъуауэ щытын хуейщ.

КъБР-м Граждан жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ lуэхухэмкlэ и управленэм и унафэщlым и къуэдзэ Гергоков Жамболэт къызэрыхигъэщамкlэ, а къыхалъхьа акцэм къигъэлъэгъуэнущ ди къэралым исхэм я Хэкур фlыуэ зэрацlыхур, апхуэдэуи цlыхухэм я псэукlэм нэхъ кууэ иригъэгупсысынущ. Акцэм «диктант» фlэщыгъэр иратами, упщlэ 30-р тест жыпхъэм иту щытынущ.

- «Этнографие диктант»-р щатыну екlуэлlапlэу Къэбэрдей-Балъкъэрым 7 къыщызэдгъэпэщащ. Ахэр жэпуэгъуэм и 4-м Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым, Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкlэ и къэрал институтым, Мэлбахъуэм и цlэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм, Налшык къалэ дэт лицей №2-м, Бахъсэн къалэ и курыт еджапlэ №1-м, Прохладнэ щlыналъэм хыхьэ Алътуд къуажэм дэт курыт школ №2-м сыхьэт 11.00-м къызэlуахынущ. Республикэм щыпсэухэр абы къыдогъэблагъэ. Сызэреплъымкlэ, мыр lуэху гъэщlэгъуэнщ, нэхъыщlэхэми нэхъыжьхэми я щlыналъэр зэрацlыхур къапщытэжыну lэмал яlэнущи. Къыхэгъэщыпхъэщ, диктантыр зытхым и цlэ-унэцlэр къигъэлъэгъуэн зэрыхуэмейри. Упщlэхэм жэуап зэрыратар езыхэм къапщытэжыфынущ щхьэж и тхылъымпlэм тетыну бжыгъиплlымкlэ. lуэхум кърикlуахэр наlуэ къэхъунущ щэкlуэгъуэм и 4-м, Цlыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм, - жиlащ Гергоковым.

«Этнографие урысейпсо диктантыр» щатыну щlыпlэхэм щхьэусыгъуэ гуэркlэ емыкlуэлlэфынухэм, ауэ абы хэтыну гупыж зыщlахэм папщlэ, а махуэ дыдэм сыхьэт 13.00-м щlидзэу, тестыр онлайну интернетым щыпт хъунущ: www.miretno.ru сайтым. Гергоков Жамболэт къыхигъэщащ диктантым кърикlуэм елъытауэ, этнографиемкlэ егъэджэныгъэ программэм зэхъуэкlыныгъэ гуэрхэр зэрыхалъхьэнум теухуа гупсысэ щхьэхуэхэр зэрыщыlэри.

Акцэм нэхъыбэу къекlуэлlэнум и гугъу щищlым, Гергоковым жиlащ абы щlалэгъуалэр куэду зэрызэхуишэсынур. «Дыхуейт сыт хуэдэ lэнатlэ lумытми, нэхъыжьхэри абы жыджэру къыхыхьэну. Къищынэмыщlауэ, дыщогугъ щlэныгъэ къэхутакlуэхэри лъэныкъуэкlэ къыщымынэну. Мы зэманым дызыlууэ гугъуехь нэхъыщхьэхэм ящыщщ ди щlэблэм я щlыналъэр фlыуэ зэрамыцlыхур, абы щыпсэу лъэпкъхэм я щыlэкlэми зэрыщымыгъуазэр. Аращ дызэлэжьын хуейуэ къэслъытэр, - дыщlигъуащ Гергоков Жамболэт и къэпсэлъэныгъэм.

Мы lуэхур Лъэпкъхэм я lуэхухэмкlэ федеральнэ агентствэм къызэрегъэпэщ, Удмуртие Республикэм Лъэпкъ политикэмкlэ и министерствэр, «Удмуртие лъэпкъхэм я ассамблее» мылъку къэлэжьыным темыщlыхьа lуэхущlапlэр, КъБР-м Граждан жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ lуэхухэмкlэ и управленэр щlыгъуу. Япэу ирагъэкlуэкlыну акцэм кърикlуэм елъытауэ, жэрдэмщlакlуэхэм я мурадщ ар илъэс къэс къызэрагъэпэщыну.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Хъыбар дывгъащIэ

<u>**Къэбэрдей-Балъкъэрым уголовнэ жэуапым щрашэлlащ ФСБ-м и лэжьакlуэхэу зызыгъэлъагъуэу щыта цlыхуитl.**</u>

ЕЗЫМ и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкlэ къудамэм оперативнэ-къэлъыхъуэныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкlуэкlым Урысейм и ФСБ-м КъБР-м щиlэ lэнатlэм белджылы къищlащ Урысейм и ФСБ-м и лэжьакlуэхэм я тхылъ нэпцlхэр къыщагъэсэбэп къызэрыхъуар.

2016 гъэм и накъыгъэмрэ мэкъуауэгъуэмрэ яубыдащ ди гъунэгъу республикэм и цlыхухэу шынагъуэншагъэмкlэ органхэм я лэжьакlуэ хуэдэу зызыгъэлъагъуэхэр икlи федеральнэ къэпщытакlуэ пунктхэм лъэпощхьэпоуншэу блэкlын папщlэ тхылъ нэпцlхэр къэзыгъэсэбэпахэр.

Къэпщытэныгъэ, суд экспертизэхэр ирагъэкlуэкlа иужь, яубыдахэм я «удостоверенэхэр» къэрал щапхъэм тету ягъэхьэзыра тхылъ пэжхэм темыхуэу къыщlэкlащ икlи ФСБ-м и лэжьакlуэ нэпцlхэм яхуэгъэза уголовнэ lуэхухэр къаlэтащ.

Хабзэр къызэпызыудахэр КъБР-м и Лэскэн район судым и унафэхэмкlэ УФ-м и УК-м и 327-нэ статьям и 3-нэ lыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щlэпхъаджагъэ зэралэжьамкlэ къуаншэу къалъытащ, дэтхэнэми сом мин 40-кlэ етхьэкъуну тезыр тралъхьащ.

Урысейм и ФСБ-м КъБР-м щиlэ къудамэм цlыхухэм гу лъарегъатэ хабзэхъумэ органхэм я дамыгъэхэр зытет тхылъхэр къагъэсэбэпурэ хабзэм емызэгъ lуэхухэр щалэжь ирихьэлlэмэ, дзыхь зыхуащl телефон (8662) 48-15-81-мкlэ хъыбар дагъэщlэн зэрыхуейм.

***Урысейм и ФСБ-м КъБР-м щиlэ къудамэм и пресс-lуэхущlапlэ.***



● «СтIол хъурей»

# Тхылъым и пщIэмрэ и щIэупщIэмрэ къэIэтын

<u>**Урысыбзэмрэ щэнхабзэмкlэ фестивалым, «Дэ Урысейм дрицlыхущ» зыфlащам, и программэм хэту фокlадэм и 27-м «Книга и чтение в современном социокультурном пространстве» «стlол хъурей» КъБКъУ-м щекlуэкlащ.**</u>

АР КЪЫЗЭРАГЪЭПЭЩАЩ КъБКъУ-м и щlэныгъэ библиотекэмрэ урысыбзэмрэ бзэ щlэныгъэхэмкlэ и кафедрэмрэ.

Зэlущlэм хэтащ КъБКъУ-м и лэжьакlуэхэмрэ студентхэмрэ, Налшык къалэ администрацэм егъэджэныгъэмкlэ и департаментым и унафэщlым и къалэнхэр зыгъэзащlэ Нэгъуей Риммэ, Налшык дэт гимназие №4-м, курыт школ №5-м, Щхьэлыкъуэ курыт школ №1-м и егъэджакlуэхэмрэ еджакlуэхэмрэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт Котляровэ Марие, УФ-м и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, усакlуэ Куэшбей Жамбулэт, КъБР-м ис муслъымэнхэм я дин lуэхущlапlэм и унафэщlым и къуэдзэ Сыжажэ Алим, КъБР-м Тхылъыр фlыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэм и гъэзэщlакlуэ гупым и унафэщl Шинкарёвэ Наталье, «Днипро» лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафэщl Харченкэ Светланэ сымэ, нэгъуэщlхэри.

«Стlол хъурейм» и къалэн нэхъыщхьэр къыдэкlуэтей щlэблэм литературэм гулъытэ нэхъыбэ хуегъэщlынырщ, ныбжьыщlэхэм я творческэ жэрдэмыр ядэlыгъынырщ.

- Иджырей къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуащи, щlэблэм тхылъ еджэн яфlэфlкъым. Цlыхум и зыужьыныгъэм и къигъэхъуапlэ нэхъыщхьэу щытын хуейхэм ящыщщ тхылъыр. Щыцlыкlум щегъэжьауэ еджэным гу хуегъэщlыпхъэщ, - жиlащ Нэгъуей Риммэ къыщыпсалъэм.

КъБКъУ-м и педагогикэ институтым и унафэщl Михайленкэ Ольгэ студентхэр библиотекэм зэрыкlуэр къэхутэным теухуауэ ирагъэкlуэкlа щlэупщlэныгъэм къигъэлъэгъуахэм къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ. Абы кърикlуахэм ятепщlыхьмэ, студентхэм тхылъ еджэн яфlэфlкъым. А щытыкlэм зегъэхъуэжын зэрыхуейм къыхэкlыу щlалэгъуалэр тхылъым дезыгъэхьэхыну lэмалхэр къызэрыхэлъхьапхъэр жиlащ Михайленкэ Ольгэ. Апхуэдэу литературэ клубхэр къызэгъэпэщыныр, абыхэм тхыгъэ нэхъыфlхэр щызэпкърыхыныр хэкlыпlэхэм ящыщ зыуэ къелъытэ абы.

«Стlол хъурейм» къыщыпсэлъахэм тхылъым и мыхьэнэм и инагъымрэ арыншэу зэрызыпхуэмыужьынумрэ къыхагъэщащ.

Библиотекэхэм, егъэджэныгъэ lуэхущlапlэхэм, тхылъ щапlэхэм, тхылъ тедзапlэхэм, тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэхэм, литературэ клубхэм, музейхэмрэ хъыбарегъащlэ lэнатlэхэмрэ я къару зэхалъхьэу тхылъым и пщlэмрэ и щlэупщlэмрэ къэlэтыным телэжьэн зэрыхуейм арэзы техъуащ зэlущlэм хэта псори.

**ГЕЛЯЕВЭ Марзият**,
*КъБКъУ-м и*
*пресс-lуэхущlапlэм и лэжьакlуэ.*



# Анэхэм яхуэгъэза Iуэхутхьэбзэ

<u>**КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкlэ и министерствэм республикэм къыщыхелъхьэ «СМСмаме» федеральнэ хъыбарегъащlэ lуэхутхьэбзэр.**</u>

АНЭ ХЪУА е хъуну зызыгъэхьэзыр дэтхэнэ зы бзылъхугъэми, уэндэгъугъэр екlуэкlыхукlэ, апхуэдэу сабийр илъэс ирикъухукlэ, смс-чэнджэщхэр къыхуэкlуэнущ. Къищынэмыщlауэ, а lэмалымкlэ бзылъхугъэхэм и чэзум къащlэнущ социальнэ дэlэпыкъуныгъэ щыlэхэр зыхуэдэри. «СМСмаме» lэмалым къаригъэщlэнущ икlи ягу къигъэкlыжынущ бзылъхугъэмрэ абы и сабиймрэ я узыншагъэр хъумэным, абыхэм я lуэху дэкlыным теухуауэ щыlэ хабзэхэр. Хъыбар къыпlэрыхьэну ухуеймэ, «МАМА» псалъэр зэрыт тхыгъэр ебгъэхьын хуейщ 5253 номерым.

УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкlэ и министерствэм и жэрдэмкlэ кърагъэхьыну тхыгъэхэр зэхагъэуващ lэщlагъэлl пажэхэм. «Узыншагъэмрэ зыужьыныгъэмрэ» фондым и фlыгъэкlэ а проектыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзащlэ.

Цlыхубзхэм чэнджэщ щрат республикэ lуэхущlапlэхэм, сабий поликиникэхэм я пэlущlэ пэшхэм къыщыпщlэфынущ lэмалыщlэм теухуа хъыбар кlэщlхэр.

***КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкlэ и министерствэм и пресс-lуэхущlапlэ***

● ЩIымахуэм зыхуагъэхьэзыр

# ЩIыIэр къэмыс щIыкIэ

<u>**lуащхьэмахуэ щlыналъэм и энергетикхэм бжьыхьэ-щlымахуэ лъэхъэнэм зыхуагъэхьэзыр.**</u>

ИДЖЫ хуэдэ лъэхъэнэм къэпщытэныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр псом хуэмыдэу щрагъэкlуэкl къурш жьэгъухэр зи псэупlэ Былым, Терскол, lуащхьэмахуэ жылагъуэхэм. Япэ уэсыр къытрилъхьэным къэнэжа щlагъуэ щыlэкъым. Абы ипэ иту электрокъарумкlэ щlыналъэр къызэзыгъэпэщ lуэхущlапlэм и лэжьакlуэхэм зрагъэлъэгъуащ трансформаторхэм, электрокъарур щызэбгратыкl lэнатlэхэм, инженер хуэlухуэщlэхэм я щытыкlэр. Абыхэм ящыщ куэдым жьы хъуа пкъыгъуэхэр щызэрахъуэкlащ, мылым и зэран екlынкlэ хъуну нэхъ къэтlэсхъа ток кlапсэхэр яхъуэжащ.

Гулъытэншэу къагъэнакъым кlапсэхэр бгы щыгухэм кlэрызыlыгъэ гъущl lэмэпсымэхэмрэ пкъохэмрэ. Абыхэм я лъабжьэхэр, гъэ къэси хуэдэу, щlагъэбыдыкlащ, жьышхуэми, уэсым и хьэлъагъми пэлъэщын хуэдэу.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

# Иджы бдзэжьей гъэхъуным зрат

<u>**lуащхьэмахуэ щlыналъэм и администрацэм и пресс-lуэхущlапlэм и унафэщl Тарим Алисэ хъыбар къызэрыдигъэщlамкlэ, Тырныауз къалэ и lэхэлъахэм щаухуэ бдзэжьей гъэхъупlэр Урысей Федерацэм и ипщэ лъэныкъуэмкlэ щыlэхэм я нэхъ ину щытынущ. Цlыхухэм я деж щlэупщlэ щызиlэ бдзэжьей лъэпкъыгъуэхэр щагъэбэгъуэну комплексыщlэм и ухуэныр и кlэм нагъэблэгъащ.**</u>

БДЗЭЖЬЕЙХЭР щагъэхъукlэ псыгуэн зехьэкlэхэм я lэмалхэр къагъэсэбэпынущ. Иджырей технологиещlэхэм тету ягъэхьэзыр «хыжьейхэр» зэкlэлъхьэужьу къращlыкlащ. Зэпымыуэ къилъадэ псымкlэ ягъэкъабзэ псыгуэнхэм, щхьэж и «ныбжь» елъытакlэрэ зэхэгъэщхьэхукlауэ, щесынущ бдзэжьей хугум къипщlыкlагъащlэ цlыкlужьейхэм я деж къыщыщlэдзауэ ин дыдэ хъуахэри.

Италием къраша lэмэпсымэхэмкlэ цеххэр ягъэхуэбэнущ, жьы къабзэ къихупlэхэр ирашэлlэнущ. Мы зэманым ирихьэлlэу, хыжьей цlыкlуищрэ утхъуахуэхэр здагъэкlуэну кумбищрэ хьэзыр хъуащ, псыгуэн 20-р зэтрагъэуващ, 30-м иджыри лэжьыгъэхэр щрагъэкlуэкl.

Иджы къахуэнэжар комплексым газ щlэшэнырщ, lэмэпсымэхэр щыгъэувэнырщ, фермэм и lэгъуэблагъэр зэлъыlухынырщ, гъэдэхэнырщ. Проектыр зыгъэзащlэ «Асыл-Суу» ООО-м зэрыщыжаlамкlэ, жэпуэгъуэм и кlэм бассейнхэм псы ираутlыпщхьэнущ, фермэм и лэжьэкlэр ягъэунэхунущ. Бдзэжьей ширхэмрэ тlэкlу нэхъ къыдэкlуэтеяхэмрэ къыщащэхуну lуэхущlапlэхэм зэгурыlуэныгъэ иращlылlакlэщ.

Производственнэ комплексым и лэжьыгъэр зэтраухуа иужькlэ, зы илъэсым къриубыдэу осётр лъэпкъыгъуэу тонн 50 хуэдиз, ерыскъыпхъэ бдзэжьей хугуу тонни 3-м щlигъу ягъэхьэзырыну я мурадщ. lуэхущlапlэм лэжьакlуэ 40 нэхърэ мынэхъ мащlэ lутынущ. Фермэм зиужьыхукlэ абыхэм я бжыгъэм хагъэхъуэнущ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**



# Мы махуэхэм

**Жэпуэгъуэм и 1,**
*щэбэт*

♦**Зи ныбжь хэкlуэтахэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Кофем и дунейпсо махуэщ**
♦**УФ-м и лъэсыдзэм и махуэщ**
♦**Китайм и лъэпкъ махуэшхуэщ**. 1949 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м къызэрагъэпэщащ Китай Цlыхубэ Республикэр.
♦**Узбекистаным щагъэлъапlэ егъэджакlуэмрэ гъэсакlуэмрэ я махуэр**
♦**1924 гъэм** Налшык егъэджакlуэхэр щагъэхьэзыр техникум къыщызэlуахащ.
♦**1931 гъэм** СССР-м и телевиденэм пlалъэ хэхам тету лэжьэн щlидзащ.
♦**1933 гъэм** Налшык Лениным и цlэр зэрихьэу дэт еджапlэ къалэ цlыкlум къыщызэрагъэпэщащ лъэпкъ студие.
♦Урысей пащтыхь **Павел Езанэр** къызэралъхурэ илъэс 262-рэ ирокъу.
♦Къэбэрдей тхакlуэ, драматург **Нало Жансэхъу** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.
♦Урысей актёр, режиссёр, СССР-м и цlыхубэ артист **Ефремов Олег** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
♦Дзэ къулыкъущlэ, генерал-майор **Хъуэт Владимир** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакlуэ **Къущхьэ Амырхъан** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.
♦Адыгей усакlуэ, тхакlуэ, критик **Ергъукъу-Шащlэ Шэмсиет** къыщалъхуа махуэщ.
♦Урысей актрисэ, УФ-м и цlыхубэ артисткэ **Усатовэ Нинэ** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.
♦Инджылызым щыщ политик, а къэралым и премьер-министр **Мэй Терезэ** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык уэфlу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 19, жэщым градуси 8 - 11 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 2,**
*тхьэмахуэ*

♦**Залымыгъэ мылэжьыным и дунейпсо махуэщ.** ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 2007 гъэм къищта унафэмкlэ ягъэуващ, Индием и лъэпкъщхьэхуитщlыжакlуэ зэщlэхъееныгъэм и пашэу щыта Ганди Махатмэ къыщалъхуа махуэм трагъахуэри.
♦**Муслъымэн махуэгъэпсымкlэ илъэсыщlэр къохьэ**
♦**1870 гъэм** Рим къалэр Италие зэгугъэхьэжам и щыхьэр хъуащ.
♦**1942 гъэм** Краснодон къалэм къыщызэрагъэпэщащ «Щlэблэщlэ гвардие» щэхурылажьэ комсомол зэгухьэныгъэр.
♦**1945 гъэм** Къэбэрдей пединститутым школ-интернат къыщызэlуахащ.
♦Союзпсо радиом и диктор, СССР-м и цlыхубэ артист, Хэку зауэшхуэм и зэманым «Совинформбюро»-м и хъыбарыщlэхэм къеджэу щыта **Левитан Юрий** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.
♦Уэрэджыlакlуэ цlэрыlуэ, Урысей Федерацэм, КъБР-м, АР-м, КъШР-м, Дагъыстэным я цlыхубэ артист **Тут Заур** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.
♦Сурэтыщl-живописец **Ерчэн Исуф** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.
♦Пауэрлифтинг спорт лlэужьыгъуэмкlэ плlэнейрэ (1996 - 1999 гъэхэм) дунейм и чемпион хъуа **Хъуажь Юрий** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык уэфlу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 19, жэщым градуси 9 - 12 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 3,**
*блыщхьэ*

♦**Архитектурэм и дунейпсо махуэщ**
♦**ФРГ-м и лъэпкъ махуэшхуэщ** - зэкъуэтыныгъэм и махуэщ. 1990 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м зэгухьащ ФРГ-мрэ ГДР-мрэ.
♦**1924 гъэм** дунейм къытехьащ «Учительская газета»-м и япэ къыдэкlыгъуэр.
♦**1929 гъэм** сербхэм, хорватхэм, словенцхэм я пащтыхьыгъуэм Югославие цlэр фlащащ.
♦**1932 гъэм** Иракым щхьэхуитыныгъэ игъуэтащ - Инджылыз къэралыгъуэм къыхэкlащ.
♦**1933 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкlэ и «Кабардинка» къэрал ансамблыр къызэрагъэпэщащ.
♦**1938 гъэм** Пермскэ область къызэрагъэпэщащ (иджы - Пермскэ крайщ).
♦**1945 гъэм** профсоюзхэм я дунейпсо федерацэр къызэрагъэпэщащ.
♦Урыс усакlуэ щэджащэ **Есенин Сергей** къызэралъхурэ илъэси 121-рэ ирокъу.
♦Техникэ щlэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, генерал-майор **Къатхъэн Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
♦Совет актёр, СССР-м и цlыхубэ артист **Джигарханян Армен** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.
♦Шэрджэс тхакlуэ **Къэбэрдей Фатlимэ** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.
♦Журналист, усакlуэ **Гъущlо Зариф** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык уэфlу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 20, жэщым градуси 10 - 12 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Джэд пасэрэ бын пасэрэ.**




Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ

● Тхыгъэ кІэщІхэр

### Кърухэр

Уэгум итщ кърухэр. Махуэми жэщми. ЩыуэфІи щыуэлбани.

МахуэкІэ зэхэпхыркъым абыхэм я макъ, йоІэ-йокъу, нэху щІыкІэ я гъуэгуанэм нэхъыбэ хагъэщІыну. Ауэ жэщ хъуамэ... ФыдаІуэт:

- КърУ... Кърy...

Ар уэрэдкъым - кърухэм я макъыр япэкІэ яутІыпщу аращ, лъэпощхьэпо гуэр къапэщытмэ, зрагъэщІэну. Апхуэдэ щыІэмэ, макъыр абы жьэхоуэри, и джэрпэджэжым къегъэзэж, ар кърУ пашэм къыІэрохьэри, и гупыр лъэныкъуэкІэ Іуеш.

Тыншкъым кърум я Іуэхур. Псом хуэмыдэу къалэн гугъу егъэзащІэ кърУ пашэм. Абы къыхэкІыу ар щытын хуейщ къарууфІэу, гуп къешэкІыным хуэІэзэу. Апхуэдэщ кърУ пашэ ящІри.

### Толъкъун гуапэ

Тенджыз Іуфэм Іулъщ зи щхьэр джафабзэ мывэ хъурей дахэ. Абы толъкъуныр зы дакъикъэкІэ къытолъадэри, гуапэу къытолъэщІыхь, ІэплІэ къыхуищІ хуэдэ, икІи шкІурэжу хуэмурэ Іуожыж. Абы иужькІэ мывэр нэхъ джафэж, нэхъ дахэж хъуауэ къыпщохъу.

Толъкъуным и лэжьыгъэр зылъэгъуа уадэм ар апхуэдизкІэ игу ирихьащи, мурад ещІ езыми нэгъуэщІ мывэ апхуэдэу джафэ дахэ ищІыну. Арщхьэкlэ сыт хуэдизу емыгугъуами, и Іуэхум зыри къикІакъым. Уадэр техуэху, мывэм зы Іыхьэ къыгуэхурт, езыри нэхъ фаджэ хъу зэпытт.

ИтІанэ уадэр толъкъуным йоупщІ:

- Дауэ плъэкІа апхуэдиз и джафагъыу, и захуагъыу мо мывэр пщІын?

- Сэ сеуэркъым. Сэ содэхащІэ, - жиІащ толъкъуным.

ГУРУНЦ Леонид, *ермэлы тхакІуэ.*
*ЗэзыдзэкІар* КЪАГЪЫРМЭС Борисщ.

● Адыгэ фащэм и махуэ



Илъэс куэд щІауэ Иорданием щыІэ, пащтыхьыкъуэ Хьэмзэ и цІэр зезыхьэ курыт школым адыгэбзэ щрагъэдж Дыгъужь Нанси, Апэжьыхь Майе, Хьэдэгъэлl Эммэ, ХьэфІыцІэ Данэ сымэ. Адэжь хэкум икІа егъэджакІуэхэм мы сурэтыр Адыгэ фащэм и махуэм зытрагъэхащ.

● Псалъэжьхэр

### Нэмысым насып къыдокІуэ

♦Уэздыгъэр лъагэху, нэхур нэхъ жыжьэ едз.

♦Унэ къыбдимысарэ гъуcэ къыпхуэмыхъуарэ я хьэл пщІэркъым.

♦Хущхъуэри ебгъэлеймэ, щхъухьщ.

♦«ЖаІащ» жыпІэу, умыщІэ уримыпсалъэ.

♦Зэгурыlуэ я Іуэху псынщІэщ.

♦Зи нэхъыжь едаІуэ и Іуэху мэкІуатэ.

♦ КъыпкІэлъымыкІуэм узыкІэлъигъэкІуэнукъым.

♦Нэмысым насып къыдокІуэ.

♦Нэхъыжьым жьэ ет, нэхъыщІэм гъуэгу ет.

♦Нобэрей Іуэхур пщэдей пумыгъаплъэ.

● ЖыІэгъуэхэр

### Хуэфащэр къызыщыщІауэ арэзы щыІэ?

●Пэжыр къыбжаІэу мыхъумэ, яжепІэу яфІэфІкъым.

●Іуэхур хэІущІыІу мыхъуху, пэжри пцІыри зэІыхьэгъущ.

●Псоми узэхахыну ухуеймэ, щэху цІыкІуу псалъэ.

●Сэбэпыншэ зэпэубыда щыІэкъым.

●Тхьэмпэм и къыпыхужыкІэм ещхьущ гъащІэм сэлам зэрепхыжынур.

●Уи гур зэІупхыну ухуэмыпІащІэ - ущІауэ къэнэнщ.

●Щытхъупсым и Іуфэм зыщыІэжьэ - абы хэхуауэ имытхьэла къэхъуакъым.

●Узыр хъужмэ, хущхъуэри ящогъупщэж.

●ІэпкъЛъэпкъ пщыкІутІ уиІэрэ уимыІэрэ къомыузу пщІэнукъым.

●Ежьужь мащІэ гум щыгъуалъхьэрэ?

●Хуэфащэр къызыщыщІауэ арэзы щыІэ?

●Учэнджащэ хуэдэурэ къэппсэлъыр нэхъ пхокІ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

# Инарыкъуей мафІэс

● Зы уэрэдым и хъыбар

**2014 гъэм, «Инарыкъуей мафІэс» уэрэдыр илъэсищэ щрикъум ирихьэлІэу, абы и хъыбарыр къэтщІэн мурад диІэу режиссёр Дадэ Ритэ, оператор Соколов Игорь сымэ си гъусэу дыкІуащ Тэрч куейм хыхьэ Инарыкъуей къуажэм. Дэ къытпежьахэт мы къуажэм дэс нэхъыжьыфІхэу Тумэ Мухьэрбийрэ Джэрмэншык Хьэжмуратрэ.**

- 1866 гъэм щІышылэм и 26-м унагъуэ 70 Ислъэмей къуажэм дыпагъэтІысхьауэ щытащ. ЩІы кІапэ зратахэм, щхьэж зэрыхузэфІэкІкІэ, унэлъапсэ яухуащ. А зэманым псоми яІэр ятІэ чырбышым къыхэщІыкІа бгъэныщхьэ унэт. ЗакъуэтІакъуэххэт кхъуэщын зытелъ чырбыш унэ зыщІыфыр. Апхуэдэу зэманыр кІуэурэ 1914 гъэм гъатхэпэм и 13-м ди къуажэм щІэщхъушхуэ къыщыхъуащ. Уэзыр Нахъуэ ипхъу Хьэсибэт Болэтей къуажэм Къущхьэунэхэ яшати, ар щыпэшэж къашэжауэ, къахуеблэгъахэр здагъэхьэщІэм, цІыхухъухэм фадэ хущІахьащ, цІыхубзхэр фошыгъу шей ирагъэфэну сэмэварышхуэ трагъэуващ. МафІэ ящІам къыщІэлъеикІа дэпыр зыщІэна шхийр жьым ирихьэжьэри мафІэс къэхъуащ. Ар яхуэмыгъэункІыфІурэ сыхьэтитІым къриубыдэм къуажэр зэтрисхьащ. ЗэрыжаІэжымкІэ, зы унэ закъуэщ къэнар, мы уэрэдым къыхэщыж Шогуэ ефэндыжьым ейр. А зырат жылэм кхъуэщыныщхьэ зытелъ унэу дэтар. Къуажэм дэсхэм я мылъкуи, я Іэщи хисхьащ, ауэ, цІыху зыри хэкІуэдакъым. ТІэкІуи ауан къыхэщ хуэдэу, ауэ пэжыр щІамыуфэу, Шэрий Даут, Ныбэжь ЛитІэ, Бэрокъуэ Сэхьид сымэ джабащхьэм тетІысхьэри, псалъэхэр зэпадзыжурэ мы уэрэдыр яусыжащ. Уэрэдыр цІыхубэм яхэзыхьар Ныбэжь Хьэбалэщ.

Ар уэрэджыІакІуэ куэдым ягъэзэщІащ, ноби жаІэ.

КІУНТІЫЩ - ХЬЭПЦІЭ Аннэ.

**Уэзырхэ Нахъуэм, уо, хьэщІэ къыхуокІуэ, уо!**
**Хьэутий нокІуэри, уо, шыхэр щІетІыкІкъэ, уо!**

**Ибг щІэтІыкІауэ, уо, Елдар мэпщафІэ, уо!**
**Фадэ нэхъыфІхэр, уо, Борэ къахуехь!**

**Щоджэн Елмырзэ уи ныбжьэгъу гупсэщ,**
**Нышыр къахуихьри, уо, Жэрэ къэсащ, уо!**

**Дыщэ Іэлъыныр, уо, дэпым егъэлъейри, уо!**
**Улъэрэ-улъейуэ, уо, Хьэжмуд къэсащи, уо!**

**Тумэ ХьэтІытІэр, уо, уи зэхэзежэщ, уо!**
**Хьэжмуд дэжыхукІэ, уо, аркъэхьэ макІуэ, уо!**

**Ныбэжь Бэчырым, уо, ахъшэ кърех,**
**Абдж нэщІ къыдехри, уо, Алий къыдокІыр, уо!**

**Уэзырхэ пщІантІэм, уо, сэмэвар щагъэув, уо!**
**Фызыжь увахэр, уо, джабэм йожэкІыр, уо!**

**Тумэ Хьэжбийри, уо, уи цІырыхъущІэщ, уо!**
**Сэмэвар ІэрыщІыр, уо, щыблэм екъутэ, уо!**

**Тумэ ТІатІымыр, уо, зэрынэзакъуэ,**
**Нахъуэ и закъуэ, уо, щэ дигъэсащ, уо!**

**Шэрий Къасымыр, уо, сабырщІэгъейщ, уо!**
**Уэзырхэ дгъейуэрэ, уо, жылэр тфІисащ, уо!**

**Мэкъуо Жамботыр, уо, уи фІыцІагъэшухэщ, уо!**
**Шэрий хьэблэшухэр, уо, фІыцІагъэм щІащтэ, уо!**

**Шэрий Іэуесыр, уо, зэрыхуэІушэ, уо!**
**Ислъэмей шухэр, уо, къызэрохьэхыр, уо!**

**Мэкъуо Жамботыр, уо, уи лІы мылажьэщ, уо!**
**Сытхэр ди лажьэу, уо, дыкъебгъэсэкІрэ, уо!**

**Мэкъуо Хьэмашэр, уо, уи молэ нэпцІщ, уо!**
**Къумыкъу тхьэгъэпцІым, уо, дигъэунэхъуащ, уо!**

**Тумэ Бэрокъуэм, уо, пхъэхэр къефыщІ, уо!**
**Хьэблэ фызыжьхэм, уо, зогъэфыщІыж, уо!**

**Шэрий ТІырыгур, уо, хъыдан бгырыпхщ, уо!**
**Фызыжь бгырыпххэр, уо, мафІэм хисхьащ, уо!**

**Дзыгъурхэ витІыр, уо, бэкхъым къыщожьэ, уо!**
**Шыл гъэжьа фшхынум, уо, Уэзырхэ фыкІуэ, уо!**

**Пщыншэхэ Шокуэр, уо, дамыгъэтедзэщ, уо!**
**МафІэм зытеддзэурэ, уо, тІэщІэлъэтащ!**

**Шогуэ ефэндыжьым, уо, хьэжыгъэр къешэч, уо!**
**Дэ тхуэмышэчыр, уо, Уэзырхэ Нахъуэщ, уо!**

**Уэзырхэ Нахъуэ, уо, дыжьын къамэшхуэщ,**
**Уи адэшхуэм и хабзэри, уо, къэбублэжащ, уо!**

**Хьэткъут зэшитІыр, уо, физкъэмышэщ, уо!**
**Ямышэжыныр, уо, Хьэсибат къыхукІуэ, уо!**

**Шогуэ ефэндыжьыр, уо, шэрихьэт мыщІэщ, уо!**
**КъуажэкІэм ямыщІэурэ, уо, мафІэр нэсащ, уо!**

**Ныбэжь Къасботыр, уо, ди къуажэ гъуощ, уо!**
**Хьэблэ фызыжьхэм, уо, гъуэгыу къажыхь, уо!**

**Шэрий Даутыр, уо, уи пцІыІупцІышэщ, уо!**
**Инарыкъуей унэхэр, уо зэрагъэпцІыж, уо!**

**Шогуэ ефэндыжьыр, уо, чытапым йоплъэ, уо!**
**Алыхьым еплъыр, уо, Уэзырхэ феуэ, уо!**




# Псалъэзэблэдз

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. «Нал ...» - КІыщокъуэ Алим и роман. **5**. ЩІы къиуда. **7**. ЦІыхуу мелуан 250-м щІигъу щыпсэу, муслъымэнхэр процент 88-рэ щыхъу къэрал. **9**. Лъахъстэн вакъэ пІащІэ. **10**. 2008 гъэм Пекин щекІуэкІа Олимп джэгухэм чемпион щыхъуа адыгэ щІалэ. **11**. ІэщІэвыщІэ. **12**. Пхъэм къыхэщІыкІа бжэмышхышхуэ. **15**. Пасэрей хъыбарегъащІэ. **16**. «Гукъыдэж» псалъэм и пІэкІэ ари къэбгъэсэбэп мэхъу. **17**. Абхъаз Республикэм и къалащхьэ. **22**. Гъэмахуэм лэжьапІэ пэшхэм, унэхэм щІагъэувэ хабзэщ. **24**. Зи пхъэр щхъуафэ-хужьыфэ жыг лІэужьыгъуэ. МафІэдз, тхылъымпІэ хуэдэхэр абы къыхащІыкІ. **25**. Литературэ тхыгъэ. **26**. Анэкъилъху. **27**. Кавказым хиубыдэ республикэхэм ящыщ зым и къалащхьэ. **30**. ЩІыІум нэгъуэщІу зэреджэ. **34**. Къуажэ, псыежэх. **35**. Мыщэм а хьэкІэкхъуэкІэр бэлацэу къыщохъу. **37**. Нартыху хъумапІэ. **39**. Гъавэ къэкІыгъэ. **40**. Сэхуран зыщэм ишыхьа тхылъымпІэ. **42**. БгитІ зэхуаку. **43**. И ... къурыкъуу ежьэжащ. **44**. ПщІантІэхэм дэту щыта пкъо, фІэдзапІэ и куэду. **45**. ЦІыхуфэр ... **46**. Пасэрей зэрыпыджэ Іэщэ.

***Къехыу:*** **2**. Жыг ... **3**. Егъэлеяуэ ерыщ. **4**. УІэгъэр зэрапхэ щэкІ кІапэ хужь. **6**. «... жэщ» - Молэ Владимиррэ Джэдгъэф Борисрэ яуса уэрэд цІэрыІуэ, Сокъур Ольгэ цІыхубэм яхихьауэ. **8**. ХадэхэкІ. **13**. Жыгыку гъуанэхэр зи псэупІэ псэущхьэ кІэ баринэ. **14**. ЩІым гъуэ щызыщІу щыпсэу, хьэпІацІэхэр зи шхыныгъуэ псэущхьэ цІыкІу. **16**. Жыг къэтІэпІам и нэщэнэ. **18**. Пхъэщхьэмыщхьэ гуащІэ цІыкІу. **19**. Язынықъуэ Іэщ лІэужьыгъуэхэм зэрызахъумэж Іэщэ. **20**. Щхьэгъусэм и къуэш. **21**. Стэканым е нэгъуэщІ кумбыгъэ гуэрым и лъащІэм къина псы тІэкІунитІэ. **23**. ЛІыжьыр мэтхьэусыхэ: «Жэщым си лъакъуэм ... къыхохьэри си фэр ирех». **25**. Дунейм щихуабэгъуэ, хьэуар хуиту щыпхуримыкъу зэман. **28**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, апхуэдэ цІыхур щыту малІэ. **29**. Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я щІыналъэхэм щежэх псы. **31**. ШкІэ мэжэлІам и ... макъ къэІуащ. **32**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **33**. Кремлым и Іэхэлъахэм щыщІалъхьа политик, Брежневым идеологиемкІэ и дэІэпыкъуэгъу, чэнджэщэгъу пажэ щыта. **36**. Хьэцэпэцэхэм я щхьэкІэ. **38**. Бахъсэн щІыналъэм хиубыдэ къуажэ. **41**. Псы е шэ къэкъуалъэм къыщхьэщех. **43**. 1972 гъэм Германием щекІуэкІа дунейпсо Олимп зэхьэзэхуэм лъакъуэрыгъажэмкІэ чемпион щыхъуа адыгэ щІалэ ... Борис.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**



***ФокІадэм и 24-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** **3**. Шхуэ. **4**. Калинин. **7**. Псы. **10**. Фадэ. **11**. Нэм. **12**. Ахъуэхъу. **13**. Ущ. **14**. Нысэ. **15**. Сонэ. **16**. Гуу. **17**. Махъшэм. **19**. Чыщмыщ. **22**. Къэб. **23**. Бдзы. **24**. Хьэх. **27**. Сэдэкъэ. **28**. Зэрыджэ. **29**. Кхъухь. **30**. Уэркъ. **32**. Пхъэхь. **34**. Пэ. **35**. Лыгъэ. **36**. Нып. **37**. ИкІута. **38**. Кугъуэ. **39**. Анэдэлъху. **40**. Уэгъу.

***Къехыу:*** **1**. Пхуэфащэмэ. **2**. Псыхъуэгуащэ. **5**. ЛантІэ. **6**. Нэмыс. **8**. Къудан. **9**. Тхъусэ. **18**. Шабзэ. **20**. Щыхьэр. **21**. Бдзы. **25**. Псыхьэлыгъуэ. **26**. ЩІэупщІакІуэр. **30**. Уагъэ. **31**. Къанжэ. **32**. ПапцІэ. **33**. ХьэкІуэ.

# Зыми зэхыумыгъэх

Гушыlэ

МышхуэфІ Хьидхэ Іэджэ щІауэ зэрахуэ я жэм бжьэкІэрэф къуэхужьым, пщыхьэщхьитІ-щы япэкІэ Іуэм яхуимыхьэжу, хьэблэ псор хьэзаб хигъэтащ. Ар яфІэгъэщІэгъуэну, цІыкІуи ини къеувэкІауэ хьеуаным зэрызищІым еплъырт.

- Мыжь, мыжь, - жиІэурэ Хьид, лІы гъум фІыцІэ цІыкІур, жэмым и гъуэбзиикІэм башкІэ мащІэу теуІуэрт. Къуэхужьыр, зрилъэфыхьурэ, Іуэ ихьэпІэм екІуалІэрт, итІанэ, бжэм и щхьэр зэрынэсу, фІалъэкІэ щІым теуэрти, псы пэгун зытраклам хуэдэу, лъэныкъуэкІэ зридзэкІт, и ужь итхэр кІий-гуоуэ къызэхинэрти, щІэпхъуэжырт...

А пщыхьэщхьэм къызэхуэсахэм сыт ямыщІами, жэмыр Іуэм яхуихьэжакъым.

- Ал-лэхьэ, зыгуэр зэран къыхэхъуам мыбы, - жаІэрт нэхъыжьхэм.

- Пщэдей пщІондэ еплъын хуейщ, - нэхъыбэм апхуэдэу къыщагъэувым, Хьид къуэхужьыр жэщым пщІантІэм дигъэтащ.

Пщэдей пщыхьэщхьэ гуэрыр къэсри жэмыр Іэхъуэм къикІыжащ. АрщхьэкІэ, аргуэрыжьти, Іуэм яхуимыхьэу щІидзащ. Гъунэгъухэр зэхыхьэу фІыуэ яубэрэжьа щхьэкІи «унагъуэм и пэлъэныкъуэр» хъийм икІри яхуэхъеякъым. Щымыхъужыххэм, «адэ-модэ» жаІэри «бзаджэнаджэм» зи хьилмы хэлъ я къуажэгъу Хьэрун къашащ. ЛІы сырыху нэ плъыжьым, жэмым зэрызищІым тІэкІурэ кІэлъыплъа нэужь, Іуэм йохьэри зеплъыхь, итІанэ псоми захуегъазэ:

- Уэлэхьийр Алыхьым и цІэщ, лажьэ зимыІэ хьеуаным лей ефхакІэ. Е унэ махуэ хъунхэ, Іэщ пхуекІуэлІэжын мыпхуэдэ Іуэм?! ЗэрыунагъуэУ къэкІуауэ бзаджэнаджэ гупышхуэ исщ! Аращ мы хьеуан тхьэмыщкІэр хъийм щІикІар: Іуэбжэм и щхьэр щІишиеху бзаджэнаджэхэр къыжьэхолъэри къагъэщтэ. И гугъу фымыщІ...

- Догуэ, Хьэрун, уэ зыгуэр пхуемыщІэну пІэрэ а бзаджэнаджэхэм?

- зэхихам къигъэуІэбжьауэ, Хьид щІэупщІащ.

- ПхуещІэн жыпІа? Уэлэхьийр Алыхьым и цІэщ, зэрыщыту зэтезмыукІэм! Я лъапсэр згъэгъущынщ. Апхуэдэ Іэджэ слъэгъуащ сэ! - Хьэрун хьэблэдэсхэр къегъэгугъэ ныжэбэ жэмыр Іуэм иту нэху къригъэкІыну.

Арати, ар пщыхьэщхьэм Хьидхэ къэнащ. ФІыуэ ешха-ефа нэужь Хьэрун унэгуащэм фІыщІэшхуэ хуищІащ ерыскъы ІэфІ зэригъэхьэзырам папщІэ, итІанэ зы гъущІ гуахъуэ къаІихри, гъуэлъыжыгъуэхэм деж щІэкІащ, «бзаджэнаджэ» зэтриукІэнухэр унэм гужьейуэ къыщІэмылъэдэн щхьэкІэ бжэр зэлІзэфызым Іухауэ къамыгъэнэну унафэ ищІри. Хьид, а Іуэхухэр и фІэщ хъущэртэкъыми, зы заул дэкІауэ унэм къыщІэкІащ, Іэзэм еплъэкІуэну. Бжыхьым щыщхьэдэплъыхам, лІым илъэгъуар гъэщІэгъуэн дыдэт: Хьэрун гуахъуэр иІыгъыу Іуэ кІуэцІыр хъурейуэ къижыхьырт, зэ ар щІым хитІэу, зэм къыхичыжрэ зэрылъэкІкІэ шхалъэм еуэу, зэми гуахъуэр игъэкІэрахъуэрэ бэкхъ кІуэцІым щІиутІыпщхьэу. Абы щыгъуэми и жьэр имыгъэувыІэу къурІэныбзэ къибжырт...

Сытми, зы сыхьэт нықъуэкІэ «дунеижьыр зэтрикъутэри», Іэзэр унэр зейм къегуоуащ, къыщІэкІыну. Хьид хьэзырыххэти, Іуэм ихьащ.

- Уэлэхьийр Алыхьым и цІэщ, сызэхаукІам, - бауэбапщэу жеІэ Хьэрун. - Си гъащІэм мыбыхэм нэхъ бзаджэнаджэ гугъу срихьэлІакъым. Ерагъпсэрагъщ зэрызэтезукІар. Си Іуэхущ иджы уэ абы щыщ къэбгъуэтыжмэ, бзаджэнаджэм фи лъапсэр дяпэкІэ тІысыпІэ ящІыжмэ: псори къанэ щымыІэу думп сщІащ. Къеуэ мыдэ уи жэмым, си Іуэхущ иджы ар Іуэм имыхьэжмэ.

Пэж дыдэу, жэмыр зыкІи мыныкъуакъуэу, асыхьэтым Іуэм ихьэжащ...

ЗэлІзэфызым Хьэрун и Іэзэгъуэр зэрагъэщІэгъуэнур ямыщІэу нэху ягъэщащ. Пщэдджыжьым ар гъунэгъухэм ялъэІэсыжри къуажэ псом хэз хъуащ, уеблэмэ хамэ жылэхэми нэсащ, Іэзэм и пщІэми лъагэу зиІэтащ.

Псори хъарзынэт, Хьэрун «хьилмышхуэ» бгъэдэлъри пэжт, ауэ сэ абы зыгуэр дызощІэри, мис ар хэмытыжамэ.

... Мо лІы набдзэгубдзаплъэр Іуэм зэрихьэу, гу лъитащ бгыкъум ираупцІэкІа джэдыгужьым и кІапэр къызэрелэлэхам. Арат жэмыр зыІуплъэу зыгъащтэр. Хьэрун псом япэ ар лъэныкъуэ иригъэзащ, итІанэщ абы «бзаджэнаджэхэр» зэтриукІэу щыщІидзар.

Ди зэхуэдэ щэхущ, игъащІэкІэ дунейм къытебгъэхьэнкъым иджыпсту бжесІар: Хьэрун зэхихыжмэ, и напэр текІынщ...

**АБЫТІЭ Хьэжмурат.**
*Зеикъуэ къуажэ*

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр
**ЖьэкІэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщІ Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ ІуэхущІапІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Къаншокъуэ Эллэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариаңнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.414 ● Заказ №1539